

Soti nan: Biwo Eta New York pou Asistans Pwovizwa ak Andikap

(New York State Office of Temporary and Disability Assistance)

TRANSMISYON DESIZYON ODISYON SAN PATIPRI

P.O. Box 1930

POU DEMANDÈ

Albany, NY 12201-1930

Odisyon san patipri #: XXXXXXXX

Ajans: XXXXXXXX

Dat odisyon an: XX/XX/XX

Reprezantan: XXXXXXXX

Dat desizyon an: XX/XX/XX

XXXXXXXXXXXX

Dosye #: XXXXXXXX

XXXXXXXXXX

Kategori/Soukategori: XXX

XXXXXX, XX XXXXX

*		* Pou:	XXXXXXXXXX XXXXXXXX
*	* W AP JWENN NAN ANVLÒP LA DESIZYON POU ODISYON SAN PATIPRI OU A *		XXXXXXXXXXXXXXXX
*		*	XXXXXXXX, XX XXXXX

Si desizyon an montre ou te genyen odisyon an epi yo mande Ajans Sèvis Sosyal lokal ou a pou l pran sèten aksyon, ajans la dwe fè sa touswit (pi rapid posib). Si w panse Ajans la pa pran aksyon desizyon an mande l pou l fè a sou 10 jou apre ou resevwa desizyon sa, ou ka ranpli fòm ki tache la epi voye l bay:

New York State Office of Temporary and Disability Assistance
Office of Administrative Hearings
Compliance Unit
P. O. Box 1930
Albany, NY 12201 – 1930

OSWA RELE NAN TELEFÒN:
1-800-342-3334

NOTE BYEN: Si desizyon an di ou dwe founi enfòmasyon oswa dokiman ba ajans lan, oswa si ajans lan mande w plis enfòmasyon pou respekte desizyon odisyon san patipri a, ou dwe founi yo ba ajans lan pi vit posib. Si ou pa founi enfòmasyon sa yo san pèdi tan, ajans lan gen dwa pa ka respekte desizyon an nan delè nòmal la.

Si w pa te genyen odisyon an, ou ka fè yon aksyon lajistis dapre Atik 78 Lwa ak Règ sou Pratik Sivil la kont ajans Eta a ki gen non l ekri anlè agòch desizyon an. Si w vle fè yon aksyon lajisti epi ou pa konnen kijan pou fè sa, ou dwe kontakte resous legal ou ka jwenn yo (pa egzanp – Asosyasyon Avoka Konte a, Asistans Legal, Sèvis Legal etc.). Ou dwe kòmanse yon aksyon lajisis nan 4 mwa ki vini apre dat desizyon an.

Yon kopi desizyon sa ale jwenn pa lapòs youn nan Reprezantan ki gen non l pi wo a.

Kopi pou: